

# Jyadyaz

## Kisa jyadyaz ye?

Jyadyaz se yon maladi dyare ki lakkòz pa yon ti parazit tou piti ki rele *Giardia*. Se yon kòz dyare ki plizoumwen komen nan tout Etazini ak nan monn lan.

## Kilès ki ka trape jyadyaz?

Tout moun ka trape jyadyaz, men li gen tandans rive plis souvan lakay moun nan sant gadri yo, moun ki vwayaje nan lòt peyi yo, ak moun ki bwè dlo sifas ki pa byen trete yo (tankou moun k ap fè randone k ap bwè nan ti rivyè oswa moun k ap vale dlo pandan y ap naje nan yon rivyè oswa nan yon lak).

## Kijan jyadyaz pwopaje?

Yo jwenn parazit *Giardia* a nan matyè fekal (poupou) moun ak bèt ki enfekte yo (tankou chat, chyen, sèf, bèf, ak katò), epi poupou yo ka kontamine sifas, manje, oswa dlo. Moun yo vin malad lè yo lave manje oswa dlo ki kontamine oswa lè yo mete men yo nan bouch yo aprè yo fin touche sifas ki kontamine yo (tankou jwèt, boubèl pou daypè, elatriye).

## Ki sentòm jyadyaz yo?

Kèk moun ki enfekte ak *Giardia* yo pa gen okenn sentòm ditou, lòt moun genyen sentòm entestinal lejè jiska grav. Dyare a ka dire plizyè semèn oswa plizyè mwa, ki mennen pèt pwa ak dezidratacion. Sentòm gaz, poupou ki gen grès, ak kranp nan lestoma kapab rive tou.

## Nan konbyen tan aprè ekspozisyon an sentòm yo parèt?

Sentòm yo ka parèt soti 3-25 jou aprè ekspozisyon an, men jeneralman nan lespas 7 jiska 10 jou aprè ekspozisyon an.

## Kijan yo dyagnostike jyadyaz?

Pou konfime dyagnostik la, yo ka kolekte epi teste yon echantillon poupou nan yon laboratwa. Yo ka pran plizyè prelevman poupou pandan plizyè jou paske kantite parazit *Giardia* yo jwenn nan poupou a chanje de yon jou a yon lòt jou.

## Ki tretman ki genyen pou jyadyaz?

Li enpòtan anpil pou kèk moun ki gen jyadyaz bwè anpil likid. Kapab genyen dezidratacion nan ka jyadyaz, akòz moun nan bwè twòp likid, epi se sitou yon risk pou tibebe ak famm ki ansent yo. Pale ak founisè swen sante ou an lè maladi a kòmanse. Pafwa yo rekòmande medikaman sou preskripsiyon pou trete maladi sa a.

## Kijan yo ka prevni jyadyaz?

- Byen lave men ak savon ak dlo aprè ou fin itilize twalèt la oswa aprè ou fin cnanje daypè, anvan ak aprè ou fin prepare manje, epi aprè ou te an kontak ak bèt yo.
- Evite bwè dlo ki pa byen trete. Filtre epi bouyi oswa dezenfekte dlo sifas yo si w ap bwè nan sous dlo natirèl yo, tankou lè w ap fè randone oswa lè w ap fè kan.
- Pwoteje tout materyèl dlo yo kont kontaminasyon avèk poupou bèt oswa poupou moun yo. Lè w ap fè kan oswa lè ou pa kapab itilize enstalazyon sanitè yo, byen jete dlo ize a pou anpeche kontaminasyon nan wout dlo eksteryè yo.

- Anpeche kontak ak kontaminasyon avèk matyè fekal (poupou) pandan sèks.

### Pandan konbyen tan yon moun ki enfekte ka pote parazit *Giardia* yo?

Moun yo ka elimine *Giardia* nan poupou yo pandan kèk semèn jiska kèk mwa. Tretman ak ka redwi dire maladi a ak tan parazit la rete nan poupou a.

### Èske yo ta dwe ekskli yon moun ki enfekte de travay oswa lekòl?

Yo dwe ekskli moun ki gen dyare yo de gadri a, swen pou pasyan, oswa jesyon manje, kote yo kapab poze yon risk pou lòt moun. Pifò moun kapab retounen nan travay oswa lekòl lè dyare a kanpe, depi yo byen lave men yo ak savon ak dlo aprè chak fwa yo ale nan twalèt la, aprè yo fin chanje daypè, ak anvan yo prepare manje. Depatman sante a pral bay konsèy ki presi sou chak sitiayson kote moun ki enfekte a se yon moun ki jere manje, yon travayè sosyal, oswa yon travayè oswa yon patisipan nan gadri.

### Kijan m ka aprann plis sou jyadyaz?

- Si ou gen enkyetid sou jyadyaz, kontakte founisè swen sante ou an.
- Rele depatman sante lokal ou an. Yon anyè depatman sante lokal yo disponib nan <http://www.vdh.virginia.gov/local-health-districts/>.
- Vizite sit entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a nan <http://www.cdc.gov/parasites/giardia>.

Septanm 2018